

Aplikasyon Estanda pou Asistans Finansye pou Lopital nan Eta New York

Ou ka elijib pou asistans finansye pou lopital, pou peye bòdwo ou yo si ou pa gen asirans, si asirans ou an ekspire, oswa si ou gen asirans sante men ou te peye depans medikal ki totalize plis pase 10% de revni ou. Lè ou ranpli fòm sa a, ou kòmanse demann ou pou jwenn asistans finansye pou lopital. Tout lopital nan Eta New York itilize fòm sa a.

Yo dwe enprime aplikasyon sa a nan Lang prensipal pasyan ke lopital la sèvi yo pale a.

Non Pasyan an (mete tout enfòmasyon ki aplikab yo)

Non Pasyan (Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati)		
Dat Nesans (jj/mm/aaaa)		
Adrès	Nimewo Apatman/Inite	
Vil	Eta	Kòd Postal
Nimewo Telefòn Moun pou Kontakte a		
Non Paran/Responsab Legal oswa Reprezantan Legal la (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon granmoun ki andikape)		
Adrès Imèl (si genyen)		

Enfòmasyon sou Fanmi an:

Tanpri bay non tout manm fanmi k ap viv lakay ou anba a. Moun k ap viv nan kay ou a gen ladan ou menm, mari oswa madanm ou oswa patnè domestik ou, ak nenpòt timoun oswa lòt moun ki sou kont ou. Pa egzanp, sa gen ladan l tout moun ki sou menm deklarasyon revni.

Revni brit la se revni w genyen **anvan** yo pran taks sou li.

Revni brit la ka gen ladan salè travay (salè, poubwa, revni travay endepandan), revni ou pa travay pou li (benefis sekirite sosyal, andikap, ak chomaj), kotizasyon (lajan ki soti nan fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemantè).

Non Konplè	Relasyon l avèk Ou	Revni Brit Total (Aktyèl)
	Tèt ou	

Lopital la ka mande w pou w bay dokiman kòm prèv revni w; tankou souch peman, lèt anplwayè w la ba ou, si sa aplikab, oswa Fòm 1040.

Estatik Asirans Sante

Èske ou gen nenpòt kalite asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè anplwayè w la oswa ou te achte l poukont ou? ☐ Wi ☐ Non

Si ou te reponn "Non," èske ou ta renmen jwenn asistans pou aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo?

☐ Wi ☐ Non

Pasyan ki pa gen bon asirans: moun ki gen asirans men ki gen gwo depans medikal. Si ou gen asirans, tanpri bay yon estimasyon sou depans medikal ou te peye nan 12 dènye mwa yo.

\$

Lopital la ka mande w pou w bay dokiman kòm prèv depans medikal ou te peye yo.

Pasyan/Pati Responsab la: Si se pa pasyan an, bay non moun k ap siyen fòm nan ak otorite li genyen pou l siyen nan non pasyan an (pa egzanp, mari oswa madanm, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann ke sous ekstèn ka verifye enfòmasyon mwen soumèt yo. Mwen sètifye ke enfòmasyon yo vre e yo konplè nan limit konesans mwen.

Ekri Non an ak Lèt Detache	Dat
Relasyon l avèk Pasyan	
Siyati	

Elijibilite Minimòm ak Direktiv yo

Delè Aplikasyon an, Dwa Pasyan yo, ak Konfidansyalite

- Ou ka aplike pou asistans finansye nenpòt lè pandan pwosesis rekouvremant an.
- Ou pa oblije fè okenn peman bay lopital sa a jiskaske ou resevwa yon desizyon sou aplikasyon w pou asistans finansye a. Lopital yo pa ka voye kont yo nan koleksyon pandan demann ou annatant.
- Si yo refize ba ou èd finansye, ou gen dwa fè apèl. W ap jwenn enfòmasyon sou pwosedi pou swiv la nan avil lopital la ap voye ba ou a. Ou ka gen dwa pou fè apèl kont kantite asistans finansye ou resevwa a. Lopital la ap mete enfòmasyon nan lèt desizyon li a sou fason pou fè apèl.
- Lopital yo pa ka voye bòdwo ki pa peye bay yon ajans rekouvremant pandan omwen 180 jou apre premye bòdwo ou a.
- Yo entèdi lopital yo pou yo pran aksyon legal, tankou fè yon pwosè, pou kolekte peman bòdwo medikal ki pa peye nan men pasyan ki gen yon revni ki pi ba pase 400% nan nivo povrete federal la. Ou ka jwenn kritè ki detèmine nivo povrete a isit la: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Se lopital la sèlman ki pral itilize nenpòt enfòmasyon ou bay nan aplikasyon sa a pou detèmine si ou elijib pou asistans finansye epi yo pral kenbe l konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt.
- Yon lopital pa ka refize ba w sèvis ki nesèsè pou rezon medikal poutèt ou gen yon bòdwo medikal ki poko peye.
- Si ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon sa a, tanpri kontakte biwo pou asistans finansye.
 - Tisch Hospital and NYU Langone Orthopedic Hospital (866) 486-9847
 - NYU Langone Hospital – Brooklyn and Family Health Centers at NYU Langone (718) 630-6252
 - NYU Langone Hospital – Long Island (516) 663-8373
 - NYU Langone Hospital – Suffolk (631) 687-4653
- Si ou bezwen plis èd pou ranpli aplikasyon sa a oswa pou fè apèl kont yon desizyon, ou ka kontakte Community Health Advocates: 888-614-5400.

Elijibilite

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou detèmine si yon pasyan elijib pou li resevwa rabè sou peman lè revni yo pi wo pase nivo ki espesifye anba a ak/oswa pou bay pasyan ki elijib yo rabè sou peman ki pi wo pase sa Lalwa Sante Piblik la egzije. Anplis de sa, sitiasyon imigrasyon pa dwe konsidere kòm yon kritè elijibilite pou detèmine asistans finansye.

Moun ki annapre yo elijib:

- Moun ki gen revni ba ki pa gen asirans sante; oswa

- moun ki pa gen bon asirans (depans medikal yo peye ak lajan ki soti nan pòch ki akimile nan douz dènye mwa yo ki reprezante plis pase dis pousan nan revni brit anyèl moun sa a); oswa
- moun ki fin itilize tout benefis asirans sante yo epi ki ka demontre ke yo pa kapab peye tout frè yo; oswa
- selon diskresyon lopital la, moun ki ka demontre yo pa kapab peye kopeman ak/oswa franchiz yo ka mande yon rediksyon sou oswa yon rabè sou peman.

Moun ki rive jiska 400% nan nivo povrete federal la elijib pou asistans finansye.

Nivo Povrete Federal (2024)			
Kantite Moun K ap Viv nan Kay	200%	300%	400%
1 Moun	\$30,120	\$45,180	\$60,240
2 Moun	\$40,880	\$61,320	\$81,760
3 Moun	\$51,640	\$77,460	\$103,280
4 Moun	\$62,400	\$93,600	\$124,800
5 Moun	\$73,160	\$109,740	\$146,320
6 Moun	\$83,920	\$125,880	\$167,840
7 Moun	\$94,680	\$142,020	\$189,360

Mizajou chak ane: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

Minimòm To Rabè a

Si ou kalifye pou asistans finansye, y ap diminye frè ou yo selon revni ou sou yon echèl frè ki varye nan fason sa a:

Nivo Revni	Peman
Anba 200% Nivo Povrete Federal	Anile tout frè yo
200% - 300% Nivo Povrete Federal	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl varyab jiska 10% nan kantite lajan Medicaid ta peye pou sèvis la (yo). Pasyan ki pa gen bon asirans: Jiska yon maksimòm 10% sou kantite lajan ki ta dwe peye dapre pataj frè depans asirans pasyan an.
301% - 400% Nivo Povrete Federal	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl varyab jiska 20% nan kantite lajan Medicaid ta peye pou sèvis la (yo). Pasyan ki pa gen bon asirans: Jiska yon maksimòm 20% sou kantite lajan ki ta dwe peye dapre pataj frè depans asirans pasyan an.

Lopital yo ka chwazi pou bay pi gwo rabè pou pasyan ki elijib yo ak/oswa ofri rabè sou peman pou pasyan ki gen pi gwo nivo revni.

Plan Peman pa Vèsman

Plan peman pa vèsman disponib pou pasyan ki pa ka peye pri redwi a yon sèl kou. Peman mansyèl yo pa ka depase 5% revni brit mansyèl ou epi to enterè yo fè pasyan an peye sou balans ki poko peye a, si genyen, pa ka depase 2%.

Demann pou bay Prèv Revni tout Moun K ap Viv nan Kay la

Tanpri mete enfòmasyon revni pasyan an, mari oswa madanm li, ak nenpòt moun ki sou kont li (tankou timoun). Pa egzanp, sa ta enkli tout moun ki sou menm deklarasyon enpo a (moun ki deklare taks la, mari oswa madanm, ak moun ki sou kont li) nan kalkil revni pou moun k ap viv nan kay la.

Men yon lis dokiman ou ka itilize pou pwouve revni ou. Ou pa oblije bay tout dokiman sa yo. Ou kapab tou bay yon deklarasyon ki di moun k ap viv nan kay la pa gen revni si ou pa gen okenn revni.

Ou kapab bay tou paj detèminasyon Elijibilite ki soti nan Mache NY State of Health la. Si ou gen dokiman sa a, ou pa oblije bay lopital la okenn lòt enfòmasyon sou revni ki nan lis anba a.

<u>Si Moun K Ap Viv Nan Kay La Resevwa:</u>	<u>Kantite Lajan pa Mwa:</u>	<u>Moun K ap Aplike a Ka Bay:</u>
Salè	\$	Tanpri bay yon souch chèk peman oswa yon lèt anplwayè w la sou papye ak antèt konpayi an, ki siyen epi ki gen dat sou li, oswa dènye deklarasyon enpo ou a.
Peman Sekirite Sosyal	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan, oswa korespondans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini (U.S. Social Security Administration) an, oswa lèt ki endike benefis anyèl la. Pou mande yon kopi lèt benefis Sekirite Sosyal ou a, rele 1-800-772-1213 oswa vizite www.ssa.gov .
Konpansasyon Chomaj	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan, oswa Rele Benefis Mansyèl Depatman Travay Eta Nouyòk la, oswa kopi kat Peman Dirèk la ak enprime, oswa korespondans ki soti nan Depatman Travay Eta New York (NYS Department of Labor) la, oswa enprime enfòmasyon sou kont benefisyè a ki soti sou sitwèb Depatman Travay Eta Nouyòk la (www.labor.state.ny.us).
Peman Poutèt Andikap	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan, oswa korespondans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini, oswa kopi lèt ki endike benefis anyèl la. Pou mande yon kopi lèt benefis ou a, rele 1-800-772-1213 oswa vizite www.ssa.gov .
Konpansasyon Travayè	\$	Kopi Lèt Prim lan oswa Souch Chèk la.
Pansyon alimantè/Lajan pou Okipe Timoun	\$	Kopi desizyon tribinal la, oswa chèk ou te touche/resevwa pou 3 mwa.
Dividann/Enterè	\$	Deklarasyon dividann trimèstryèl oswa deklarasyon 1 mwa.
Lòt	\$	Lèt ki endike kantite lajan revni ki pa salarye (si sa aplikab), tankou revni lwaye, lajan ou fè nan ti djòb sou kote, elatriye.
Pa Gen Revni	\$0	Deklarasyon siyen ki di pa gen okenn revni.